



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PREMÈ KONSÈY SOU FANM AK FI YO NAN ETA
NEW YORK DEPI TOUTAN**

***Pandan ke Mezon Blanch Ap Disoud Konsèy sou Fanm ak Fi yo, New York Ap
Kreye Pwòp Konsèy li Ki Konsantre sou Dwa Fanm yo***

***Komite Dirijant Konsèy la Li Konpoze pa Lidè nan Akademi, Defans, Biznis, ak
Medya***

***Ou Kapab Li Pi Plis Sou Konsèy la nan Editoryal [Refinery 29](#) Ki Te Ekri Pa Melissa
DeRosa***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman premye Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York (New York State Council on Women and Girls) deepi toutan. Konsèy lan pral konpoze pa de pati: lidè ajans Eta New York yo, ki pral asire ke chak politik ki te adopte ak chak pwogram ki te kreye yo kenbe an kont eksperyans fanm ak fi yo, epi eseye fè vanse pi lwen egalite nan eta nou an; ak yon Komite Dirijant, ki konpoze pa lidè an deyò gouvènman Eta yo ki soti nan akademi, defans, biznis, medya ak espas san bi likratif yo ki pral enfòme epi òdone travay Konsèy lan. Ou kapab jwenn yon lis konplè adezyon Komite Dirijant lan [isit lan](#).

“New York rete angaje nan pwoteje dwa fanm yo, epi ak lansman premye Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York depi toutan, nou ap voye yon mesaj klè bay nasyon an ak mond lan pou di ke tout moun merite gen yon chans pou reyalize Rèv Ameriken an”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Prezide pa Sekretè Gouvènè a epi loje nan Chanm Egzekitif lan, konsèy sa ap voye yon mesaj klè ke misyon li - pou kenbe an kont dwa fanm ak fi yo lè y’ap elabore politik yo - santral pou tout travay ki te akonpli nan Eta sa. Mwen enpasyon travay ansanm ak manm Konsèy lan ak Komite Dirijant lan yo pou kapab fè enpak reyèl epi ki mezirab nan lavi fanm ak fi New York yo”.

Gouvènè a te anonse Konsèy lan pliske Mezon Blanch lan te efektivman disoud pwòp Konsèy sou Fanm ak Fi li an. Konsèy lan pral prezide pa Melissa DeRosa, ki se premye Sekretè fanm Gouvènè a, epi li genyen tou Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki ap prezide Komisyon sou Dwa Vòt Fanm yo nan Eta New York (New York State Women's Suffrage Commission) epi li ap ko-prezide Etid sou Egalite Peman atravè eta a. Catharine Young ki se Senatè Eta ak Crystal Peoples-Stokes ki se Manm Asanble yo pral sèvi kòm Anbasadris Lejislatif pou konsèy la.

Konsèy la, ki pral òganize reyinyon chak trimès, li gen misyon pou konsantre sou nèf domèn enpak: edikasyon, opòtinite ekonomik, ekite mendèv, lidèchip, swen sante, swen pou timoun yo, sekirite, STEM, ak entèseksyonalite.

“Antan ke Gouvènè Adjwen, mwen te gen gwo onè pou mwen se yon vwa pou fanm ak fi yo ki atravè eta a, soti depi nan konbat asèlman seksyèl sou kanpis yo pou rive nan batay pou peman egal yo”, **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Travay nou an pou kreye yon kilti respè ak enklizyon pou tout fanm yo, kèlkeswa ras yo, etnisite yo, oswa oryantasyan seksyèl yo, li lwen pou fini. Egalite sèks se yon koz ke nou gen obligasyon pou nou defann pandan lavi nou. Ak nouvo Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan New York, nou ap demontre ke lè nou di ke tout pwoblèm yo se pwoblèm fanm yo, nou reyèlman vle di sa”.

“Mwen onore pou mwen sèvi kòm Prezidan Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York”, **se sa Melissa DeRosa, ki se Sekretè Gouvènè a, te deklare.** “Gouvènè Cuomo te pandan lontan bay priyorite a dwa fanm yo, soti depi nan adopte plan Konje Familyal ki Peye (Paid Family Leave) ki pi global nan peyi a pou rive nan defann ak fèmte dwa repwodiktif fanm yo. Kidonk poukisa kounye a epi poukisa New York? Paske New York se espas pafè a - kote fanm yo se Direktris Egzekitif Jeneral, otè dramatik, aktris, avokat yo. Nou dirije bank epi nou fè Fortune 500 konpayi. Nou deside ki nouvel ki pibliye epi ki sijè ki enteresan yo... epi lè nou santi ke moun ap di nou pou nou al chita epi fèmen bouch nou, nou rete kanpe pi wo epi nou pale pi fò. Pandan ke n’ap selebre 100yèm anivèsè dwa vòt fanm yo nan New York, ki te adopte an 1917, twa ane anvan fanm yo te ranpòte dwa pou vote atravè peyi a, nou ap rekonèt yon fwa ankò wòl lidèchip ke New York dwe jwe, epi nou ankouraje lòt Eta yo rekonèt responsabilite ke yo genyen kounye a pou pwoteje dwa tout fanm ak fi Amerikèn yo. Mwen enpasyant pou mwen kontinye travay Gouvènè a ak Konsèy sa, epi mwen remèsye fanm yo ki nan Komite Dirijant nou an poutèt yo rejwenn nou nan efò nou yo”.

Konsèy lan te lanse ak yon aktivite nan Sosyete Istorik New York lan (New York Historical Society), ki genyen ladan yon panèl lidè fanm ki gen pami yo Cindi Leive, Editè an Chèf, Glamour; Robin Chappelle Golston, Direktris Egzekitif Jeneral, Planned Parenthood New York; Kimberlé Crenshaw, Pwofesè Dwa, Columbia Law School; Rebecca Minkoff, Direktris Kreyatif ak Ko-Fondatris, Rebecca Minkoff; Christine Sadowski, YWCA yo nan Eta New York; ak Ruchi Shah, Fondatris, Mosquitoes Be Gone.

Foto evènman yo disponib [isit la](#). Ou kapab li pi plis sou anons jodi a nan editoryal DeRosa a nan Refinery 29 [isit la](#).

Manm Komite Dirijant lan gen pami yo:

- Kanya Balakrishna - Kofondatè ak Prezidan, The Future Project
- Dina Bakst - Kofondatè and Koprezidan, A Better Balance
- Christene Barberich - Editè an Chèf Global ak Ko-Fondatris, Refinery29
- Lilliam Barrios-Paoli - Konseye Prensipal pou Prezidan Hunter College
- Lisa Borders - Prezidan, WNBA

- Heather Bricceti, Esq. - Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, The Business Council of New York State
 - Laura Brounstein - Direktris, Devlopman Editoryal ak Biznis, Cosmopolitan ak Seventeen Magazine
 - Robin Chappelle Golston - Direktris Egzekitif Jeneral, Planned Parenthood New York
 - Beverly Cooper Neufeld - Fondatè ak Prezidan, PowHer New York
 - Kimberlé Crenshaw - Pwofesè Dwa, Columbia Law School
 - Michelle Ebanks - Prezidan, Essence Communications Inc. ak People en Espanol
 - Cathy Engelbert - Direktris Egzekitif Jeneral, Deloitte
 - Eileen Fisher - Fondatris ak Prezidant, EILEEN FISHER, Inc.
 - Anne Fulenwider - Editè an Chèf nan Marie Claire US
 - Liliana Gil Valletta - Direktris Egzekitif Jeneral ak Kofondatè, CIEN+ ak Kreyatris, Dreamers Ventures
 - Audrey Gelman - Direktris Egzekitif Jeneral ak Kofondatè The Wing
 - Hayley Gorenberg - Direktris Adjwen ak Konseye Jeneral, Lambda Legal
 - Eve Guillergan - Avoka Prensipal, Eve Guillergan PLLC
 - Karen Ignagni - Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, EmblemHealth
 - June Jee - Manm Komite ak Prezidant Pase Imedya, OCA-NY
 - Kristina Johnson - Chanselyè Antran, SUNY
 - Karen King - Direktè Egzekitif, Komisyon sou Kondisyon Fanm yo nan Konte Erie (Erie County Commission on the Status of Women)
 - Cindi Leive - Editè an Chèf, *Glamour*
 - Donna Lieberman - Direktè Egzekitif, New York Civil Liberties Union
 - Andrea Miller - Prezidan, National Institute for Reproductive Health
 - Rebecca Minkoff - Direktris Kreyatif ak Ko-Fondatris, Rebecca Minkoff
 - Ana Oliveira - Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, The New York Women's Foundation
 - Sonia Ossorio - Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, National Organization for Women New York
 - Stephanie Redish Hofmann - Direktris Devlopman Ajans, Google
 - Hilda Rosario Escher - Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, Ibero American Action League
 - Christine Sadowski - YWCA yo nan Eta New York
 - Faiza J. Saeed - Patnè ki ap Prezide, Cravath, Swaine & Moore LLP
 - Pamela Schiffman - Direktè Egzekitif, NoVo Foundation
 - Ruchi Shah - Fondatè ak Direktris Egzekitif Jeneral, Mosquitoes Be Gone
 - Jillian T. Weiss - Direktè Egzekitif, Transgender Legal Defense and Education Fund
 - Kathryn Wylde - Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, Partnership for New York City
 - Melanie Whelan - Direktris Egzekitif Jeneral, SoulCycle
 - Teresa C. Younger - Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, Ms. Foundation

Senatè Young te deklare, “Mwen onore pou mwen kanpe ansanm ak Gouvènè Cuomo antan ke yon Anbasadris Lejislatif nan Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York. Mwen enpasyant travay ansanm ak manm Komite Dirijant estimab yo ak dirijan nan

chak ajans Eta yo pou kapab kreye yon enpak reyèl epi afekte chanjman pozitif nan lavi fanm yo nan eta sa”.

Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare: “Antan ke Prezidan Komite Elektoral Fanm Lejislatif yo nan Eta New York (New York State Legislative Women's Caucus), mwen pa te ka pi fyè dèske Eta nou an ak Gouvènè nou an te kreye premye Konsèy sou Fanm ak Fi li an. Eta New York gen yon istwa long nan pwoteje dwa fanm yo - soti depi nan adopte dwa vòt fanm yo twa ane anvan ke yo te akòde li nan tout nasyon an, pou rive nan adopte politik konje familyal ki peye ki pi global la - epi Konsèy sa pral kontinye tradisyon fyè sa”.

Linda B. Rosenthal, ki se Manm Asanble “Mwen pa te janm santi ke mwen gen plis esperans pou potansyèl ke avni an gen pou fanm yo, pou chanjman yo ke nou kapab pote si nou ini epi travay pou atenn yon objektif komen. Nou menm fanm yo, nan travay ansanm, ak pouvwa otonomi fanm yo kòm objektif nou, pral ranpòte viktwa a. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul ansanm ak Melissa DeRosa poutèt lidèchip yo sou pwoblèm ki gen enpòtans kritik sa yo pou fanm yo ki nan Eta New York. Mwen enpasyant wè travay Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York”.

Dina Bakst, Kofondatè ak Koprezidan, A Better Balance lan, te di, “Mwen onore pou mwen sèvi nan Konsèy sou Fanm ak Fi Gouvènè Cuomo a. Kounye a plis ke anvan, nou bezwen lidè ki gen vizyon pwogresis ki ap batay pou fè vanse dwa fanm ak fi yo. Nan non A Better Balance, mwen enpasyant pou mwen kontribiye nan travay Konsèy lan pou kenbe New York kòm yon lidè nasyonal sou dwa fanm yo, patikilyèman nan domèn opòtinite ekonomik yo, ekite mendèv, epi asire aksè a swen sante ak pou timoun ki a pri abòdab yo”.

Robin Chappelle Golston, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Planned Parenthood Empire State Acts, te deklare, “Eta nou an te konstwi pa fanm ki djanm ki te leve kanpe pou sa ki kòrèk soti depi nan Vil New York pou rive Buffalo. Lansman Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York jodi a ap kontinye ak tradisyon sa, epi ofri yon mwayen pou kreye pi bon avni pou nou tout. Ak atak pèmanan sou otonomi fanm yo ak aksè nou a swen medikal bazik atravè nasyon an, Eta New York refize yo moke yo de li. Nou aplodi Gouvènè a poutèt li konsantre sou pwoblèm enpòtan sa yo”.

Karen King, ki se Direktris Egzekitif Komisyon sou Kondisyon Fanm yo nan Konte Erie, te deklare, “Mwen kontan anpil epi mwen onore pou mwen sèvi kòm yon manm komite dirijant lan nan Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York Gouvènè Cuomo an. Mwen rekonesant poutèt mwen gen opòtinite pou reprezante Komisyon sou Kondisyon Fanm yo nan Konte Erie ak kominote Rejyon Lwès New York lan. Mwen kontan tou poutèt mwen gen tout sipò Chèf Egzekitif Konte a Mark Poloncarz, ki ap kontinye travay ak dilijans pou mete fen nan diskriminasyon ki baze sou sèks nan Konte Erie. Kreyasyon Konsèy sa ap bay yon opòtinite imans pou kapab kolabore ak kòlèg yo ki soti atravè Eta New York sou devlopman solisyon ki ap gen enpak sou plan kolektif sou pwoblèm ki pi presan yo ki ap afekte aktyèlman fanm ak fi yo. Mwen enpasyant kòmanse travay epi reprezante rejyon nou an!”

Sonia Ossorio, ki se Prezidan Òganizasyon Nasyonal pou Fanm yo (National Organization for Women, NOW), te deklare, “Nan yon epòk kote fanm yo pa kapab fè konfyans a prezidan Etazini an pou jere peyi a yon fason ki efikas oswa valorize lavi fanm yo, nou kapab konte sou Andrew Cuomo pou mete pi bon enterè nou yo an premye. NOW aplodi gouvènè a poutèt li konstamman ap fè de dwa fanm yo yon priyorite nan New York”.

Christine Sadowski, ki soti nan YWCA yo nan Eta New York, te deklare, “YWCA yo nan Eta New York aplodi fòmasyon Gouvènè Cuomo de yon Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York pliske nou konnen dirèkteman, apati travay nou atravè eta a, kijan li nesèsè pou klere yon limyè sou kontinyasyon inegalite sèks yo. Pandan ke nou gen anpil bagay pou nou selebre pou fanm yo nan Eta New York, rekonesans Gouvènè a de ke gen travay ki rete pou fè pou asire ekite politik ak ekonomik pou fanm yo li enpòtan anpil nan moman sa. YWCA yo nan Eta New York onore pou fè pati de travay istorik sa, epi nou enpasyan wè tantativ kolaboratif yo aneyanti diskriminasyon ki baze sou sèks yo”.

Donna Lieberman, Direktè Egzekitif New York Civil Liberties Union, te deklare: “Nan yon epòk kote Prezidan an ak Kongrè an te lanse yon gè san limit kont fanm yo, li enpòtan anpil pou New York leve kanpe epi batay pou pwoteje diyite, dwa ak sante fanm ak fi yo. Antan ke manm nan komite dirijant lan, mwen pral travay pou asire ke New York rete kanpe fèm pou kapab pwoteje pwoteksyon ke nou te redi genyen yo, pou redwi diferans ki egziste ant lwa eta nou an, epi asire ke jistis repwodiktif, jistis ekonomik ak egalite yo vin tounen yon reyalite pou fanm yo ki nan New York”.

Beverly Cooper Neufeld, Prezidan PowHer New York te deklare: “Chanjman mande lidèchip ak angajman dirab ki soti depi pi wo nivo yo. Yon fwa ankò, Gouvènè Cuomo te franchi yon pa annavan enpòtan pou rive atenn egalite fanm yo apati kreyasyon Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York lan. PowHer New York aplodi aksyon istorik li an epi mwen fyè pou mwen se yon manm Komite Dirijant inogiral Konsèy lan”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418